


**NeMutungamiri
Henry B. Eyring**
Mutevedzeri Wechipiri
muHutungamiri Hwekutanga



Sarudzo Yokuva Unotenda

Baba Vedu vari Kudenga vanotiraira kuti tive tinotenda muzvinhu zvose (ona 1 VaTesaronika 5:18), uye Vanoda kuti tipe kutenda kumaropafadzo atinogashira (ona D&Z 46:32). Tinoziva kuti mirairo Yavo yose inoitirwa kuita kuti tifare, uye tinozivawo kuti kutyora mirairo kunotungamirira kurusuwo.

Saka kuti tifare uye kudzivirira rusuwo, tinofanira kuva nemwoyo wokutenda. Tinoona muupenyu hwedu ukama huri pakati perutendo nerufaro. Tose tinoda kunzwa rutendo, asi hazvisi nyore kugara tichitenda muzvinhu zvose mumatambudziko eupenyu. Urwere, chigumburo, uye kurasikirwa nevanhu vatinoda zvinouya dzimwe nguva muupenyu hwedu. Zvisuwo zvedu zvinokwanisa kuita kuti zviome kuona maropafadzo edu nekutenda maropafadzo atakachengeterwa naMwari muneramangwana.

Zvakaoma kuverenga makomborero edu nokuti tinetsika yekusakoshesa zvinhu zvakanaka. Kana tarasikirwa nepekugara, chikafu chokudya, kana rudo rweshamwari nemhuri, tinozoziva kutenda kwatingadai takaita apo pataiva nazvo.

Kunyanya, dzimwenguva zvakiomera kuti titende zvakakwana kuzvipo zvikuru-kuru zvatinogashira: kuzvarwa kwaJesu Kristu, Rudzikinuro Rwake, vimbiso yekumuka kuvakafa, mukana wekunakirwa neupenyu husingaperi nemhuri dzedu, Kudzorera kwevhangeri nehupirisita nemakiyi ahwo. Chete nerubatsiro

rweMweya Mutsvene ndipo patingakwanise kutanga kunzwa zvinoreva maropafadzo iwayo kwatiri nekunehave vatinoda. Uye chete ipapo ndipo patingakwanise kuita tariro yekuva tinotenda muzvinhu zvose uye tigo-dzivirira mhosva kuna Mwari yekusava nerutendo.

Tinofanira kukumbira mumunamato kuti Mwari, nesimba reMweya Mutsvene, vanozotibatsira kuona maropafadzo edu zvakajeka kunyange pakati pematambudziko edu. Vanokwanisa kutibatsira nesimba reMweya kuziva nekuva tinotenda kumaropafadzo atisingakoshese. Zvinondibatsira zvakananyanya kukumbira Mwari mumunamato, “Ndapota Munganditungamirewo here kune mumwe munhu wandingakwanise kukubatsirira?” Mukubatsira Mwari kuti varopafadze vamwe ndimo mandinoona maropafadzo angu pachangu zvakananyanya.

Munamato wangu wakapindurwa pane imwenguva apo murume nemukadzi vandakanga ndisina kumbenge ndichiziva pavakandikoka kuenda kuchipatara. Ikoko ndakawana kamwana kacheche kaiva kadiki zvekuti kaikwanisa kukwana muchanza changu. Mumasvondo mashoma chete eupenyu, akanga aitwa maoparesheni mazhinji. Vanachiremba vakanga vaudza vabereki kuti imwe oparesheni yakaoma yaizodikanwa kuti mwoyo nemapapu zvichengetedze upenyu mukamwana kadiki aka kaMwari.

Nekukumbira kwevabereki, ndakapa mwana ropafadzo rehupirisita. Ropafadzo iri rakasanganisira vimbiso

yekurebeswa kweupenyu. Kupfuura kupa ropafadzo, ndakagashira ropafadzo ini pachangu remwoyo unova nekutenda kwakawedzerwa.

Nerubatsiro rwaBaba vedu, tese tinokwanisa kuserudza kunzwa rutendo rwakawedzerwa. Tinokwanisa kuVakumbira kutibatsira kuona maropafadzo edu zvakajekesesa, mumamiriro edu ezvinhu api zvawo. Kwandiri musi iwoyo, ndakakoshesa sezvandisina kumboita chishamiso chemwoyo nemapapu zvangu pachangu zviri kushanda. Munzira kuenda kumba ndakapa kutenda nemaropafadzo kuvana vangu andaiona zvakajekesesa kuti aive zvishamiso zvenyasha kubva kuna Mwari uye kubva kuvanhu vakanaka vakavatenderedza.

Kunyanya, ndakanzwa rutendo rweumboo hweRudzikinuro rwaishanda muupenyu hwevabereki avo vainetsekana uye nemangu. Ndakanga ndaona ruvimbo nerudo ruzere rwaKristu rwuchipenya muzvivo zvavo, kunyange mumatambudziko avo akaipisisa. Uye ndikanzwa umboo hwaunokwanisa kunzwa kana ukakumbira Mwari kuti varatidze kwauri kuti Rudzikinuro rwunokwanisa kukubvumira kuti unzwe tariro nerudo.

Tose tinokwanisa kuita sarudzo yekupa kutenda mumunamato nekukumbira Mwari nhungamiro yekuVabatsirira vamwe—kunyanya munguva ino yegore apo tinopemberera kuzvarwa kweMuponesi. Mwari Baba vakapa Mwanakomana Wavo, uye Jesu Kristu akatipa Rudzikinuro, chipo chikurusa kupfuura zvose zvipo nokupa kwose (ona D&Z 14:7).

Kupa kutenda mumunamato kunokwanisa kutibvumira kuona kukoshesesa kwemaropafadzo aya neose mamwe maropafadzo edu nokudaro togashira chipo chemwoyo wokutenda kwakawedzerwa.

KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO

Kunyora pasi zviitiko zvedu nemaropafadzo zvinokwanisa kutibatsira kuzviyeuka uye zivotipa chimwe chinhu chekwekuzozvitsvaga. Funga kukumbira avo

vamunodzidzisa kuti vanyore pasi zvavanotenda nazvo—kuvabatsira kuyeuka maropafadzo avakagashira, kuziva maropafadzo azvino, uye kutarisira maropafadzo eramangwana.

Unokwanisa kukurudzirawo avo vamunodzidzisa kutevera muenzaniso weMutungamiri Eyring mukukumbira Baba Vekudenga kuti vavatungamire kune mumwe munhu wavangabatsire kana kushandira.

VECHIDIKI

Ita Chiito cheRutendo

NaJohn Hilton III naAnthony Sweat

Ngatiregei kungotaura pamusoro pekuverenga maropafadzo edu—ngatizviitei! Nyora udorongodzwa hwezvinhu zana zvaunotenda nazvo. Kana zvichiita sezvakawandisa, edza izvi:

1. Nyora kwaniso dzemuviri gumi dzaunotenda nadzo.
2. Nyora zvinhu zvauinazvo gumi zvaunotenda nazvo.
3. Nyora vanhu vapenyu gumi vaunotenda navo.
4. Nyora vanhu vakafa gumi vaunotenda navo.
5. Nyora zvinhu gumi pamusoro pezvisikwa zvaunotenda nazvo.
6. Nyora zvinhu gumi pamusoro pezuva ranhasi zvaunotenda nazvo.
7. Nyora nzvimbo dzepanyika gumi dzaunotenda nadzo.
8. Nyora zvinhu gumi zvakagadzirwa nguva ino zvaunotenda nazvo.
9. Nyora zvekudya gumi zvaunotenda nazvo.
10. Nyora zvinhu gumi pamusoro pevhangeri zvaunotenda nazvo.

Apotinoita udorongodzwa hwakadai, tinoona kuti udorongodzwa hwezana hautomboswedera padyo pezvinhu zvose zvatakapihwa naMwari.



Rutendo • Mhuri • Rubatsiro

Nzvimbo Huru yeMushando

Dzidza chinyorwa chino uye, pazvinoita, chikurukure nemasisita amunoshanyira. Shandisa mibvunzo yacho kuti ikubatsirei kusimbisa masisita enyu uye kuita kuti Chita cheRubatsiro chiwe chikamu chinoshanda cheupenyu hwenyu pachenyu.

Ishe, Chechi Yavo, mhuri, nevagari vemunzvimbo vanoda kurudziro yemadzimai akarurama. Chokwadi ndechekuti, Gosa M. Russell Ballard veChikwata cheVaapositori Gumi neVaviri vakadzidzisa kuti “sisita wese ari muChechi muno akaita zvibvumirano naIshe ane mvumo tsvene yekubatsira kuponesa mweya, yekutungamira madzimai enyika, yekusimbisa dzimba dzeZioni, nekuvaka umambo hwaMwari.”¹

Mamwe masisita vangasaziva kana vachikwanisa kuita zvinangwa zvikuru zvakadaro. Asi sekutsanangura kwakaita Eliza R. Snow (1804–87), mutungamiri wechipiri weChita cheRubatsiro, kuti, “hakuna sisita ari kwake ega, uye nzvimbo yake yakamanikidzika zvokuti haakwanisi kuita zvikuru pakumisa Umambo hwaMwari panyika.”² Sisita Snow vakadzidzisa kuti Chita cheRubatsiro chakarongerwa “kuita basa rese rakanaka uye rakarurama.”³

Kutora chinhano muChita cheRubatsiro kunokudza nzvimbo dzedu dzekurudziro nekupa sisita wega wega mikana yekuvaka rutendo, yekusimbisa mhuri nedzimba, uye yekupa rubatsiro kumba zvese nepasi rose. Uye kunaka kwazvo ndekwekuti, mabasa edu sevanhu uye seZvita zveRubatsiro haadikane kuva makuru uye anotikurira,

asi anofanira kunyatsofungwa nokurongwa uye achigara achiitwa. Zviito zvakarurama zvakaita semunamato wako pachako uye wemhuri zuva rega rega, kudzidza magwaro matsvene zuva rega rega, nekugara uchikudziridza mabasa eChechi zvinozobatsira kuwedzera rutendo nekuvaka umambo hwaIshe.

Kumasisita vasingazive kana kutora chinhano uku kunoratidzika sekudiki kuchiita shanduro, Gosa Ballard vanosimbisa kuti: “Wese sisita anomirira chokwadi neururami anodzikisa simba reuyipi. Wese sisita anosimbisa nekudzivirira mhuri yake arikuita basa raMwari. Wese sisita anorarama semudzimai waMwari anovachiyedza chekuti vamwe vatevere uye anodyara mbeu dzekurudziro yeururami dzinozokohwewa kwemakumi emakore achauya.”⁴

Kubva muNhorondo Yedu

Eliza R. Snow, uyo akanga ashanda semunyori apo pakarongwa Chita cheRubatsiro muNauvoo, akadaidzwa neMutungamiri Brigham Young (1801–77) kuti afambe neChechi yose, achibatsira mabishopi kuronga Chita cheRubatsiro muma-wadhi avo.

Sisita Snow vakadzidzisa: “Kana vapi zvavo vanasikana nanaamai muIsraeri vachingonzwa vakamani-kidzika [vakashomeka] munzvimbo

dzavo dzazvino, vachawana mukana wakawanda werose simba nekwaniso zvekuita zvakanaka izvo zvavakaropafadzwa zvikuru nazvo. . . . Mutungamiri Young vazarura musuwo kunzvimbo yakapamhama uye hurusa yemushando nerubatsiro.”⁵

KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA

1. M. Russell Ballard, “Women of Righteousness,” *Liahona*, Zvita 2002, 39.
2. Eliza R. Snow, “An Address,” *Woman’s Exponent*, Gunyana 15, 1873, 62.
3. Eliza R. Snow, “Female Relief Society,” *Deseret News*, Kubvumbi 22, 1868, 81.
4. M. Russell Ballard, *Liahona*, Zvita 2002, 39.
5. Eliza R. Snow, *Deseret News*, Kubvumbi 22, 1868, 81.

Kubva muMagwaro Matsvene

1 VaKorinte 12:4–18; 1 Timotio 6:18–19; Mosaya 4:27; Misimboti yeChitendero 1:13

Chii Chandingaita?

1. Ndingabatsire sei masisita andinoshanyira kuziva nokushandisa kwaniso yavo yekuvakurudzira yakarurama?
2. Ndingashandise sei zvipo zvangu nematarenda angu zvisina vamwe kuti ndiropafadze vamwe?

Kuwana rumwe ruzivo, enda ku www.reliefsociety.lds.org.

©2011 ne Intellectual Reserve, Inc. Ndiyo chete inekodzero dziripamutemo dzekushandiswa kwechinyorwa chino. Chakadhindwa muUSA. Mvumo yeMuchirungu: 6/10. Mvumo yekududzirwa: 6/10. Dudziro ye *Visiting Teaching Message*, December 2011. Shona. 09770 731